



Re-ouvèti New York

Konsèy sou Sèvis Lapèch Komèsyal ak Bato Lokasyon yo pou Patwon yo ak Anplwaye yo



NEW
YORK
STATE

Rekòmandasyon sa yo aplike pou tout sèvis lapèch komèsyal ak pou aktivite bato lokasyon nan reyon New York ki gen otorizasyon pou [re-ouvri](#), ansanm ak sèvis lapèch komèsyal ak aktivite bato lokasyon nan tout eta a ki te deja gen otorizasyon pou fonksyone kòm aktivite esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout mèt/administratè sèvis lapèch komèsyal ak aktivite bato lokasyon dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite lapèch komèsyal epi fè chanjman sa yo antre nan fonksyònman yo. Rekòmandasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

Obligatwa

Distans fizik

- ✓ Asire distans 6 pye ant pèsone la, sòf si sekirite oswa fonksyon debaz nan aktivite travay la mande pou yon distans ki pi kout.
- ✓ Nenpòt ki lè pèsone yo sitiye yo a mwens pase 6 pye youn ak lòt, yo dwe mete yon kouvèti vizaj ki akseptab.
- ✓ Pou nenpòt travay k ap fèt anndan, limite prezans mendèv la a 1 travayè pa 250 pye kare, sou sit la, pa plis, san konte sipèvizè nan kalkil sa a, sof si gen lòt mezi pwoteksyon pèsone ki kreye (egz: kouvèti vizaj tout tan).
- ✓ Si espas piti yo (egzanp asansè yo, aparèy pou ise) yo genyen plis pase yon moun, kenbe okipasyon an anba 50% kapasite maksimòm nan.
- ✓ Limite rasanbleman an pèsone ki pa esansyèl leplis posib.
- ✓ Etabli espas ki deziyen pou ranmasaj ak livrezon epi limite kontak yo nan mezi sa posib.
- ✓ Asire kont distans sosyal nan ti espas yo, tankou twalèt ak sal repo yo, ak siyal ak sistèm ki apwopriye (egzanp make lè ou okipe) pou mete restriksyon sou kapasite a.

Pi bon Pratik ki Rekòmande yo

- ✓ Kreye plis espas pou anplwaye yo gras a limitasyon prezans an pèsone nan a pèsone ki nesese pou travay k ap fèt kounye a sèlman, ajisteman nan orè travay yo, espasman lè arive/depa yo, kreyasyon ekip A/B, ak/oswa pwogramasyon yon sèl ekip sèlman nan yon zòn alafwa.
- ✓ Modifye aliyman estasyon travay yo pou kenbe 6 pye distans, epi evite plizyè group ak/oswa ekip travay nan yon zòn. Si sa pa posib, bay kachnen epi egzije pou yo mete l oswa mete baryè fizik (paregzanp mi plastik), konfòmman ak [rekòmandasyon](#) OSHA yo, nan zòn kote yo p ap jennen ni sikilasyon lè, ni chofaj, ni refwadisman, ni ayerasyon.
- ✓ Redwi sikilasyon a pye nan de sans pandan n ap afiche pano ak flèch nan reyon, koulwa, oswa espas etwat yo.
- ✓ Ti espas (egz: asansè, aparèy pou ise) ta dwe genyen sèlman yon moun an menm tan, sof si tout moun yo mete kouvèti vizaj.
- ✓ Entèdi vizitè ki pa esansyèl sou sit la.
- ✓ Itilize telekonferans oswa videyo-konferans lè sa posib. Rasanbleman esansyèl yo (egz: reyinyon) ta dwe fèt nan espas ouvè, ki gen bon van ak distans sosyal apwopriye pami patisipan yo.
- ✓ Itilize tep pou make distans sosyal la oswa pano pou endike 6 pye espas nan zòn moun itilize souvan ak lòt zòn posib sou sit la (eg: estasyon pou tcheke antre/soti, estasyon depistaj sante.)
- ✓ Ankouraje anplwaye yo vini ak manje ki fèt lakay yo epi rezève espas sifizan pou anplwaye yo obsève distans sosyal la pandan y ap manje repa yo.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Konsèy sou Sèvis Lapèch Komèsyal
ak Bato Lokasyon yo pou Patwon
yo ak Anplwaye yo



NEW
YORK
STATE

Rekòmandasyon sa yo aplike pou tout sèvis lapèch komèsyal ak pou aktivite bato lokasyon nan reyon New York ki gen otorizasyon pou [re-ouvri](#), ansanm ak sèvis lapèch komèsyal ak aktivite bato lokasyon nan tout eta a ki te deja gen otorizasyon pou fonksyone kòm aktivite esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout mèt/administratè sèvis lapèch komèsyal ak aktivite bato lokasyon dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite lapèch komèsyal epi fè chanjman sa yo antre nan fonksyònman yo. Rekòmandasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans Fizik (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Limite rasanbleman nan bato ak batiman, konsa: <ul style="list-style-type: none"> • Bato komèsyal yo: Pa plis pase minimòm nonb manb ekipaj ki nesèsè pou yon operasyon san danje, a kondisyon, fòk manb yo mete kouvèti vizaj akseptab lè yo pa ka kenbe yon distans sosyal 6 pye ki apwopriye. • Tout lòt bato ak batiman yo: Pa plis pase maksimòm nonb moun ki ka kenbe yon distans sosyal 6 pye san danje, sa gen ladan ni ekipaj ni pasaje, sof si yo tout se manb menm kay. Si yon distans konsa pa ka kenbe, tout moun nan bato a dwe mete kouvèti vizaj akseptab tout tan. • Gid pou lapèch san randevou: Otorize toutotan kontak pèsònèl yo minimize epi tout pati yo respekte pwotokòl distans sosyal yo, ansanm ak mete kouvèti vizaj akseptab lè moun yo a mwens pase 6 pye youn de lòt. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anvizaje pèman san kontak, kote sa posib, prepare founiti ijyèn men (egz: dezenfektan) pou itilize apre chak tranzaksyon.
Ekipman Pwoteksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anplwaye yo dwe bay anplwaye yo yon kouvèti vizaj akseptab san peye epi prepare yon apwovizyonman kouvèti sifizan nan ka yo ta bezwen ranplase. ✓ Pami bagay ki akseptab yo pou kouvri figi genyen, pami lòt, twal (paregzanp bandana ki koupe ak koud lakay) ak mask chirijikal, sòf si nati travay la egzije PPE pi estrik (paregzanp respiratè N95, ekran pou figi). ✓ Kouvèti vizaj yo dwe netwaye e dezenfekte oswa ranplase apre itilizasyon oswa lè yo andomaje oswa sal, men yo pa dwe pataje, e yo ta dwe byen konsève oswa jete. ✓ Pasaje ki abò bato lokasyon yo dwe itilize kouvèti vizaj apwopriye lè distans sosyal 6 pye a pa ka kenbe, sof si yon gen anba laj twa zan oswa yo pa ka sipòte kouvèti a medikalman. 	

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Konsèy sou Sèvis Lapèch Komèsyal ak Bato Lokasyon yo pou Patwon yo ak Anplwaye yo

Rekòmandasyon sa yo aplike pou tout sèvis lapèch komèsyal ak pou aktivite bato lokasyon nan reyon New York ki gen otorizasyon pou [re-ouvri](#), ansanm ak sèvis lapèch komèsyal ak aktivite bato lokasyon nan tout eta a ki te deja gen otorizasyon pou fonksyone kòm aktivite esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout mèt/administratè sèvis lapèch komèsyal ak aktivite bato lokasyon dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite lapèch komèsyal epi fè chanjman sa yo antre nan fonksyònman yo. Rekòmandasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

Ijyèn, Netwayaj ak Itilizasyon Dezenfektan

Obligatwa

- ✓ Respekte egzijans ijyèn ak sanitasyon [Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo](#) (CDC) ak [Depatman Sante a](#) (DOH) epi kenbe rejis netwayaj sou plas ki dokimante dat, lè, ak etandi netwayaj la.
- ✓ Bay e kenbe estasyon ijyèn men pou pèsònèl la, sa gen ladan savon, dlo, ak sèvyèt papye pou lave men, ansanm ak dezenfektan pou men ki fèt a baz alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou espas kote lave men pa posib.
- ✓ Bay founiti pou netwaye ak dezenfekte epi ankouraje anplwaye yo sèvi avèk yo anvan ak apre itilizasyon sifas lòt moun itilize ak manyen souvan, epi pratike ijyèn men apre sa.
- ✓ Netwaye ak dezenfekte regilyèman omwen apre chak vwayaj, chak jou, oswa pi souvan si sa nesesè, epi netwaye ak dezenfekte bagay (paregzanp zouti, kouto, takèt) ak sifas plizyè moun manyen yo, epitou zòn ki gen anpil sikilasyon yo, tankou twalèt ak espas komen yo, avèk [pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC) ke Ajans Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Protection Agency, EPA) idantifye kòm kwa yo bay rezilta kont COVID-19.
- ✓ Netwaye ak dezenfekte tout espas nan bato a souvan nan kòmansman ak finisman chak vwayaj.
- ✓ Adopte pwotokòl ak pwosedi pou plizyè moun pa sèvi avèk menm ekipman lapèch yo, sòf si yo te netwaye e dezenfekte yo apre chak moun ki sèvi avèk yo. Se manb ekipaj yo sèlman ki ka manyen nas ak apo yo.
- ✓ Evite pou plizyè moun sèvi avèk menm bagay la (paregzanp zouti, aparèy, veyikil) epi dekouraje manyen sifas lòt moun manyen; oswa, lè w an kontak avèk bagay lòt moun manyen oswa zòn moun manyen souvan, mete gan (ki apwopriye pou travay la oswa medikal); oswa, pratike ijyèn men anvan ak apre kontak la.
- ✓ Asire ke bato ki gen sèvis manje yo respekte menm pwotokòl sante ak sekirite ki an vigè pou etablisman sèvis manje.
- ✓ Entèdi manje ak bwason pataje (egz: bifè.)

Pi bon Pratik ki Rekòmande yo

- ✓ Nenpòt kote sa posib, ogmante van ki ap soti deyò a (pa egzanp ouvèti fenèt ak pòt) pandan nou ap kenbe prekosyon sekirite yo.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York

Konsèy sou Sèvis Lapèch Komèsyal ak Bato Lokasyon yo pou Patwon yo ak Anplwaye yo



NEW
YORK
STATE

Rekòmasyon sa yo aplike pou tout sèvis lapèch komèsyal ak pou aktivite bato lokasyon nan rejyon New York ki gen otorizasyon pou [re-ouvri](#), ansanm ak sèvis lapèch komèsyal ak aktivite bato lokasyon nan tout eta a ki te deja gen otorizasyon pou fonksyone kòm aktivite esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout mèt/administratè sèvis lapèch komèsyal ak aktivite bato lokasyon dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite lapèch komèsyal epi fè chanjman sa yo antre nan fonksyonman yo. Rekòmasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ke ou te revize e konprann direktiv eta a te pibliye sou endistri a, epi w ap aplike yo. ✓ Mete pano nan tout sit la pou raple pèsònèl la pou respekte bonjan ijyèn, prensip distans sosyal yo, bonjan itilizasyon PPE yo ak pwotokòl pou netwaye ak dezenfekte yo. ✓ Fòme tout pèsònèl la sou nouvo pwotokòl yo e kominike konsèy sekirite yo souvan. ✓ Afiche plan sekirite konplè sou plas kote pou tout moun wè. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Sèvi ak medya sosyal, kominikasyon vèbal, ak pano pou bay kliyan yo enstriksyon ak ankouraje yo itilize kouvèti vizaj, an akò avèk Dekrè Egzekitif Gouvènè a, CDC, ak konsèy DOH la. ✓ Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan yo ak mwayen pou bay enfòmasyon resan.
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anplwaye ki malad yo ta dwe rete lakay yo oswa retounen lakay, si yo tonbe malad nan travay la. ✓ Kreye depistaj obligatwa (eg. kesyonè, kontwòl tanperati) pou anplwaye yo k ap poze kesyon sou (1) sentòm COVID-19 la nan 14 jou pase yo, (2) tès COVID-19 pozitif nan 14 jou pase yo, ak/oswa (3) kontak sere oswa kontak rapwoche ak yon ka COVID-19 konfime oswa sispèk nan 14 jou pase yo. ✓ Yo pa ta dwe pèmèt yon anplwaye ki teste pozitif pou sentòm COVID-19 yo antre nan espas la epi yo ta dwe voye li lakay li avèk enstriksyon pou kontakte founisè swen sante li pou evalyasyon ak tès. ✓ Imedyatman notifiye depatman sante eta a ak lokal yo sou ka ki konfime pozitif epi bay moun nan enfòmasyon sou swen sante ak resous tès yo. ✓ Gen yon plan pou netwayaj, dezenfeksyon, ak rechèch kontak nan moman yon ka pozitif. ✓ Revize tout repons ke yo te kolekte nan pwosesis depistaj la chak jou e kenbe yon dosye revizyon sa yo. Idantifye yon kontak antanke pati pou anplwaye yo pou ka enfòmè si pita yo vin gen sentòm ki gen rapò ak COVID-19 la, jan sa note nan kesyonè a. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Fè depistaj yo a distans (egz: kesyonè pa telefòn oswa elektwonik), avan moun nan vin sou sit la, tout tan sa posib. ✓ Kenbe yon journal chak jou pou chak moun ki ka gen kontak sere oswa rapwoche ak lòt moun; san nou pa mete livrezon ki fèt nòmalman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Ankouraje men pa egzijè pou gen enfòmasyon sou kliyan ak vizitè nan rejis sa a. ✓ Kowòdone depistaj pou anpeche anplwaye yo antre nan kontak sere oswa rapwoche youn ak lòt avan fen depistaj la. ✓ Al li konsèy CDC a sou "Sentòm Kowonavis" (Symptoms of Coronavirus) pou enfòmasyon ki pi resan sou sentòm ki asosye ak COVID-19 la. ✓ Se moun ki abitye ak pwotokòl CDC, DOH ak OSHA yo ki dwe fòme moun k ap fè depistaj yo epi yo dwe mete bonjan PPE, ki gen ladan omwen, yon kachnen. ✓ Konsilte enstriksyon DOH la sou pwotokòl ak règleman pou anplwaye k ap chèche retounen nan travay apre yo sispèk oswa konfime yon ka COVID-19 oswa apre yon anplwaye te gen kontak sere oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 la

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.